| ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ВАЗИРЛАР КЕНГАШИНИНГ **ФАРМОЙИШИ** | ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ МИНИСТРЛЕР КЕҢЕСИНИҢ **БИЙЛИГИ** |
| --- | --- |
| Нукус шаҳри | Нөкис қаласы |
| № 223-б | «11» сентябрь 2017 й. |

Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 10-апрельдеги «2017-жылда социаллық тараў объектлеринде қурылыс, реконструкция ҳәм капитал оңлаўды шөлкемлестириў бойынша қосымша ис-илажлар ҳаққында»ғы ПК-2873-санлы қарарының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде 2017-жыл Мәмлекетлик бюджет қаржылары есабынан Нөкис районы «Саманбай» АПЖ аймағы Узынкөл массивинен жаңадан қурылған 315 оқыўшы орнына мөлшерленген улыўма орта билим бериў мектебин Нөкис районлық халық билимлендириў мәкемелери хызметин методикалық тәмийинлеў ҳәм шөлкемлестириў бөлими балансына өткериў ҳаққында

Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 10-апрельдеги «2017-жылда социаллық тараў объектлеринде қурылыс, реконструкция ҳәм капитал оңлаўды шөлкемлестириў бойынша қосымша ис-илажлар ҳаққында»ғы ПК-2873-санлы қарары, Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2017-жыл 22-августтеги 02-01/5-3291-санлы, Нөкис районы ҳәкимлигиниң 2017-жыл 22-августтеги 1552-01-санлы, Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлигиниң 2017-жыл АУ/04-02/1594-санлы хатларын инабатқа алып:

1. Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 10-апрельдеги «2017-жылда социаллық тараў объектлеринде қурылыс, реконструкция ҳәм капитал оңлаўды шөлкемлестириў бойынша қосымша ис-илажлар ҳаққында»ғы ПК-2873-санлы қарары тийкарында Нөкис районы «Саманбай» АПЖ аймағы Узынкөл массивинен жаңадан қурылған 315 оқыўшы орнына мөлшерленген улыўма орта билим бериў мектеби Нөкис районлық халық билимлендириў мәкемелери хызметин методикалық тәмийинлеў ҳәм шөлкемлестириў бөлими балансына өткерилсин.

2. Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министри (Қ.Бектурдиев), Нөкис районы ҳәкими (А.Сейтахов), Қарақалпақстан Республикасы Жер дүзиў ҳәм көшпес мүлк кадастры хызмети мәмлекетлик унитар кәрханасы (Ө.Камалов) Нөкис районы «Саманбай» АПЖ аймағы Узынкөл массивинен жаңадан қурылған 315 оқыўшы орнына мөлшерленген улыўма орта билим бериў мектеби имаратын Нөкис районлық халық билимлендириў мәкемелери хызметин методикалық тәмийинлеў ҳәм

шөлкемлестириў бөлими балансына өткерилип берилиўине байланыслы тийисли хүжжетлерди белгиленген тәртипте рәсмийлестириў тапсырылсын.

3. Қарақалпақстан Республикасы Финанс министри (А.Убайдуллаев), Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министри (Қ.Бектурдиев) жаңадан шөлкемлестирилип атырған улыўма орта билим бериў мектеби қарежетлер сметасын, штатлар кестесин тастыйықлаў тапсырылсын.

4. Усы қарардың орынланыўын қадағалаў Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары М.Жумановқа жүклентсин.

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Министрлер Кеңеси Баслығы** **Қ.Сариев**